

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kacindekan tina hasil panalungtikan analisis kecap géografi dialék di Kacamatan Jampangkulon Sukabumi nya éta:

- a) Hasil panalungtikan nu di ayakeun di lima désa nya éta Désa Cikarang, Désa Tanjung, Désa Jampangkulon, Désa Padajaya, jeung Désa Nagrak Sari kapaluruh aya 102 kandaga kecap dialék basa Sunda.
- b) Kecap lulugu anu digunakeun aya 498 kecap. nu ngawengku kecap asal 76kecap (74. 50 %.), kecap rundayan 5 kecap (4. 90 %.), kecap kantétan 8 (8. 84%), jeung kecap rajékan 12 (11, 76%) géografi dialék basa Sunda kacamatan Jampangkulon Sukabumi.
- c) Péta sebaran wilayah géografi dialék Jampangkulon Sukabumi aya 102 péta.
- d) Kandaga kecap dialék Jampangkulon bisa dijadikeun bahan pangajaran nyarita di SMP, anu ngabogaan tujuan sangkan siswa bisa ngagunakeun dialék basa Sunda dina kahirupan sapopoé sarta mikareueus kana basa Sunda.

5.2 Saran

Sangkan jadi pangrojong kana tujuan nu dipiharep dina panalungtikan ieu. aya sababaraha saran anu ditujukeun ka pihak-pihak ieu dihandap:

1. Sakola

Pihak sakola dipiharep leuwih ngeuyeuban widang paélmuan, utamana widang pangajaran basa Sunda di sakola pikeun ngarojong siswa-siswa di sakola sangkan mika reueus, ngamumulé, sarta miara basa Sunda anu geus kalindih ku basa Indonésia.

2. Guru

Guru kudu miboga stratégi nu hadé sangkan narik ati siswa dina kagiatan diajar-ngajar basa Sunda, sarta ngawanohkeun basa Sunda dialék Jampangkulon pikeun ngarojong siswa sangkan aktif dina kagiatan diajar-ngajar.

3. Murid

Sangkan loba ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé, boh di imah boh di sakola atawa dilingkungan masarakat. Sarta ngamumulé basa Sunda sangkan budaya nu dipiboga ku masarakat Sunda bisa terus dipikareueus. Ulah éra nalika ngagunakeun basa Sunda boh dina situasi dijara-ngajar, boh dina situasi anu teu resmi.

4. Masarakat

Masarakat kudu ngamumulé kana dialék basa Sunda Jampangkulon, sabab dialék téh nya éta alat pikeun ngabédakeun hiji wewengkon jeung wewengkon séjén. Sarta bisa méré conto pikeun numuwuhkeun rasa reueus kana basa Sunda ku cara maké basa Sunda dina unggal kasempetan, atawa dina kahirupan sapopoé di lingkungan kulawarga.

Lobana kakurangan dina panalungtikan ieu dipiharep jadi pangrojong pikeun ngayakeun panalungtikan nu leuwih jembar. Sabab ieu panalungtikan ngan saukur nalungtik lima désa tina sakacamatan. Tangtu bakal leuwih hade saupama aya panalungtikan anu nalungtik sakumna wilayah di kacamatan Jampangkulon.

